# Предложениялъул члена.
# 5 класс

Олифирова Т.И.

# РекӀелгъеялъулаб грамматика

- **Нахъасан цебеги цебесан нахъеги цого къагӀидаялъ цӀалулел рагӀаби ургъе ва хъвай.**

- **Масала:** **лал,**

**Сас, дад, заз, гъегъ, кӀабакӀ, кӀиликӀ, бакӀаб, бараб, терет, турут, хъазахъ**

# ЦӀияб тема

- **Предложениялъул член абула цо кинаб бугониги суалалъе жаваблъунги бачӀунеб каламалда жаниб бугеб рагӀуда.**
- **Масала: Дуца гьудуллъун ккве, квер гӀатӀидаб тӀехь.**

Олифирова Т. И

# Анлъго предложениялъул член

- **БетIерал**

1. Полежащее
2. Сказуемое
3. БитIараб дополнение

- **БетIерал гурел**

1. Хъвалсараб дополнение
2. Определение
3. ХIал



Олифирова Т. И

# Подлежащее

**Предложениялда жаниб жинца иш гьабулеб ялъуни жиндир хIакъалъулъ бицунеб бетIераб членалда подлежащее абула.**

**Подлежащеелъун ккараб лъола суалал:**

Щиб? Щив? Щий? Щай?

Лъица? Сунца?

Лъие? Сундуе?

Лъида? Сунда?

Олифирова Т. И

- **Предложениял цӀале. Гьенир подлежащеял рате ва кинаб суалалъе жаваблъун рачӀунел ругелали бихьизабе.**

***Юсуп школалда лъикӀ цӀалулаан. СагӀид гьесул гьалмагъ вукӀана. СагӀидида математика бичӀчӀулеб букӀинчӀо. Гьес Юсупидаса кумек тӀалаб гьабуна. Юсупие СагӀид вокьулаан. Гьес СагӀидие кумек гьабуна.***

- **КIочонге:** Авар мацIалда подлежащее букIуна аслияб, актив, жинда ва кьовул падежалда.
- Подлежащеялда гъоркь цо мухъ цIала.



Олифирова Т.И

# Предложения ургъ

- Эбел
- Эбелалъ
- Эбелалда
- Эбелалъе

Олифирова Т.И

# Сказуемое

**Сказуемое ккола подлежащеялъ гьабураб иш бицунеб предложениялъул бетIераб член.**

**Щиб гьабураб?**

**Щиб лъугьараб?**

**Щиб хIалалда бугеб?** – гIадал суалазул цоялъе жаваблъунги бачIуна.

**Сказуемоялда гъоркь кIиго мухъ цIала.**

Олифирова Т. И

# ЦIале ва хъвай

Подлежащеялда ва сказуемояда гъоркь  кколел мухъал цIай.

Дун гьанжеги гIурччинаб авлахъалда вуго.

Дица бацIцIадаб гьава жанибе босулеб буго. Апрель моцI ахиралде щолеб буго. Их тIаде щун буго. Авлахъазда гIазу цебего тIагIана. Нижеда рихьулел рукIана гIурччинал

# Физминутка



1. Ралъдал рагIалда гIемераб бук1уна гьеб.
2. ТIоцевесев авараг.
3. Черхалъул бутIа.
4. Адаб .



Олифирова Т. И

# Дарсил хIасилал гьари

- Бокьанищ нужее дарс?
- Щиб нужеда лъараб?
- БичIчIичIеб жо щиб хутIараб?
- Подлежащее сунда абулеб?
- Сказуемое сунда абулеб?
- Чан предложениялъул член бугеб авар мацIалда?

Олифирова Т. И

# Рокъобе хIалтIи



§ 16 – 17
№